

USCRI KONNEN DWA OU YO

Yon **Gid pou Imigran yo**



Kèlkeswa sitiwayon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. Gid sa a gen pou objektif enfòmasyon moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiwayon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen **[lwa ki ka varye nan](#)** kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan **[pòs kontwòl yo](#)** ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

AJAN FÒS LÒD YO

ETAZINI Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (ICE)



- ICE desann lakay moun, rantre nan travay moun, epi yo travay avèk kèk lapolis lokal.
- Ou gen dwa rete an silans.
- Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan, men ICE pa oblije ba ou youn.

Investigasyon Sekirite Entèn (HSI)



- HSI mennen ankèt sou krim transnasyonal epi li fè operasyon nan lye travay yo.
- Ou gen dwa rete an silans.
- Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan, men HSI pa oblije ba ou youn.

Lapolis Eta a / Lapolis Lokal



- Lapolis anjeneral gen responsablite pou fè respekte krim lokal yo. Gen kèk lapolis ki ka wwayaje avèk ofisye imigrasyon yo epi ede yo.
- Ou gen dwa rete an silans.
- Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan, epi lapolis oblije ba ou youn si yo sispèk ou komèt yon krim.

